

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XXIV - GKJ AMBARRUKMA 20 OKTOBER 2024

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Symbol : Prau Layar+Peksi Dara+Pelangi)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

“Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Kalih Dasa Oktober Kalih Ewu Sekawan Likur** (20 Oktober 2024).

Kita aturaken uluk salam kabingahan kita sami kanthi jawat-asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Mugi berkah kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Brayat ingkang Lelados**” badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening **Kidung PAMUJI, pada Setunggal lan Kalih – Ladrang Wilujeng Laras Pelog Pathet Barang ... kairing dening Karawitan Kalvari Adi - pasamuwan kasuwun jumeneng**

(1) Pasamuwan samya ngidung
Kidungan sarana muja,
Ngluhuraken Sang Ma Kwasa,
Kang paring gesang raharja.

(2) Nyawa kula muji sokur,
Gusti Allah kamulyakna,
Krana tuing karaharjan,
Yekti namung Sang Pamarta.

(*Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.*)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumeneing)*
- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : . . **7 6 . . 6 7 5 . 5 6 5 3 2**
Amin, A-min, A - min.

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. **Lektor : Sabda Introitus : 1 Petrus 4 : 10 - 11**
- Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”
- Pasamuwan : **3 5 6 7 3 5 6 7 3 2 7 6**
. . . . Pu-ji sokur konjuk Gusti

5. **Liturgos :** “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus. Kita sami saget dados tiyang ingkang pitutur, kadosdene tiyang ingkang nglantarake pangandikaning Allah, saget leladi kanthi kekiyatan peparinging Allah, supados Gusti Allah kaluhuraken ing samukawis, awit Gusti Yesus Kristus ingkang kagungan kamulyan sarta panguwaos langgeng salami-laminipun.

Sumangga sesarengan kita sami badhe memuji asmanipun Gusti kanthi sukarena ngrepenaken pepujen **Kidung PINUJIA SANG KRISTUS, pada setunggal lan kalih (kaping kalih) – Lancaran Laras Pelog Pathet Lima**

- (1) Pinujia Sang Kristus, pinujia Asmane
Luhur, mulya ing ngaluhur
Pinujia Asmane, langgeng salaminya.
- (2) Pinuji Gusti Yesus, pinuji salaminya
Luhur, mulya ing ngaluhur
Mbirat dosa umat-E, puji salaminya.

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Ibrani 12 : 10-11**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Pasamuwan ingkang dipun tresnasi Gusti, Bapa kita matrapi kita miturut menapa ingkang kaanggep murih kabecikanipun kita sami, supados kita kapanduman kasucen saha ngedalaken wohing kayekten ingkang nuwuhaken raos tentrem.

Pramila, sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat kita, kanthi memuji **Kidung SEDYA ASIH, pada setunggal lan kalih – Ladrang Laras Pelog Pathet Lima**

- | | | | |
|-----|---|-----|---|
| (1) | Kinanthi sekar pangidung
Kidung katur Hyang Ma Suci
Dhawuh tresna rong prakara
Tresna marang Allah yekti
Tresna asih mring sesame
Sedya asih den antepi. | (2) | Kidung ingkang tuhu tulus
Sungkem Gusti siyang ratri
Nuhoni dhawuh Sang Rama
Datan mingkuh jroning ati
Sedya asih kidungannya
Den lestari siang ratri. |
|-----|---|-----|---|

8. **Imam: Pandonga Pamratobat**

Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinuji Asma Paduka Gusti. Allah Rama kawula, puji panuwun sokur konjuk dumateng Paduka, awit sih piwelas Paduka, Paduka mboten negakaken kawula. Kepara Paduka matrapi kawula kangge kesaenan kawula. Ing pangibadah menika Gusti, kawula nelangsani dosa-dosa kawula. Pramila Gusti, nyuwun piwelas saha nyuwun sih kamirahan Paduka. Paduka Gusti paring pangaksama dumateng sadaya karingkahan lan jembering dosa kawula punika. Kawula nyuwun pepadhang, Sang Roh Suci dados dilah saha dados panuntun ing sak uruting lampah gesang kawula. Berkah sih katresnan saha kamirahan saking Paduka tansah nyarengi ing gesang kawula. Linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng, kawula ndedonga. Amin.”

9. **Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Markus 10 : 45**

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Yokanan 12 : 26

10. **Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti kita Yesus Kristus menika rawuh dados Putraning manungsa sumadya ngladosi lan masrahaken nyawanipun minangka panebusing tiyang dosa. Pramila sumangga kita tansah ngawula ing Gusti Yesus saha ngetut wingking Panjenenganipun.**

Kita badhe ngugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung ISINING KITAB SUCI, pada setunggal lan kalih – Lancaran Laras Pelog Pathet Barang**
..... *pasamuwan kula aturi jumeneng*

(1) Isinya kabar kabingahan
Winangsitken dening Pangeran
Dadya srana suka piwulang
Margining kautaman.

Refr:
Dimen tyang pitados tansah arumantos
mBangun turut Gusti nresnani sesami.

(2) Tyang lepat kraos kawelehna
Dening sabdaning Kang Ma Kwasa
Tyang dosa gya samya mratobat
Nampenana sih rahmat.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) **Pandhita : Pandonga Epiklese**

b) **Ngrepenaken Kidung Tema Wulan Brayat**

Kagem nyuraosi Wulan Brayat, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Wulan Brayat taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Diberkatilah Keluargamu**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Bp. Pnt. Herman Mursito.

“Diberkatilah Keluargamu”

Berbahagialah keluarga yang takut kepada TUHAN
Dan hidup s'turut jalan petunjuk-Nya, setia akan perintah-Nya
Berbahagialah k'luargamu kar'na makan jerih payah tanganmu
Baiklah semua keadaanmu dan diberkatilah keluargamu.

Refr:

Sesungguhnya k'luargamu diberkati, anakmu tumbuh seperti pohon zaitun
Kar'na TUHAN beserta keluargamu, kebahagiaan seumur hidupmu. Sesungguhnya.

c) **Pandhita : maosaken Markus 10 : 35 - 45**

d) **Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan: 2 3 2 7 2 3 . . 2 3 2 7 2 3 . .

Haleluya Amin Haleluya Amin

2 3 5 6 7 6 . . 5 7 6 5 6 5 . .

Haleluya Amin Haleluya Amin

e) **Pandhita : Paladosan Khotbah**

f) **Irah-irahan: “Brayat ingkang Lelados”**

g) **Ancas : Pasamuwan ngengeti saha ngugemi bilih minangka brayatipun Gusti kedah tememen anggenipun ngladosi lan tansah saget ngladosi sesami.**

h) **Wekdal Ening.**

12. Isian Pepujen saking Paduan Suara Gita Kasih

13. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti. Sih kamirahan saha berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Kita badhe caos pisungsung minangka cihnaning raos sokur kita kagem Gusti.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan **Panyengkuyung Pesparawi** saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal punika, kapethik saking serat **Kalih Korinta Bab Sanga Ayat Pitu (2 Korinta 9 : 7)** ingkang mekaten suraosipun:

“Sabèn wong pawewehe dikaya kang dadi rilaning atine, aja kanthi sedhah utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasih wong kang pawewehe kanthi sukawila.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung CAOS PISUNGSUNG, pada setunggal, kalih lan tiga, sacekapipun – Lancaran Laras Pelog Pathet Nem**

- | | |
|--|--|
| (1) Caosa pisungsung mring Hyang Ma Agung,
Krana gunging sih eahmat datan kendhat,
Bandha arta lan pethingan,
Gesang tansah binerkahan. | (2) Tangan suku kula tansah makarya,
Mrih sesame nampi berkahing Gusti,
Nampeni berkahing Gusti,
Ngantos dumuging wekasan. |
| | (3) Bandha kasugihan wah kasagedan,
Gesang sawetahnya pisungsung nyata,
Pisungsung nyata dadosa,
Mrih kamulyaning Pangeran. |

14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

16. Pandhita : Paladosan Berkah

- 17. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami dados brayatipun Gusti ingkang tansah tememen anggenipun ngladosi lan tansah saget ngladosi sesami.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi **Kidung KITA SAMI TINIMBALAN – Lancaran Laras Pelog Pathet Nem**

Kita sami tinimbalan, supados ndherek ngladosi pakaryane Gusti Yesus dhateng sesami.
Amartos aken kabar bingah, nggih Injil ing karahayon dhatheng salir para bangsa, neng alam donya.

Refr:

Tiyang pitados kedah wonten pandamel kang nyata!
Klayan eklas mitulungi tyang kang sinangsara;
sanadyan kita pinangkanya saking maneka bangsa,
nging sesarengan nindakaken pakaryan kang mulya.

- 18. Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur mugni katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”